



USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE

HAITI

Rekèt pou Enfòmasyon Nimewo:	RFI-521-17-000002
Dat li piblye:	24 Janvyè 2017
Kiyès ki piblye li:	USAID/Haiti
Ki biwo:	Biwo Akizisyon ak Asistans
Voye repons anvan :	10 Fevrye 2017
Anvan ki lè:	3:30PM
Resève pou konsiltasyon an anvan :	10 Fevrye 2017 anvan 3:30PM
Kategori anons la:	Echanj ak sektè

Sujè: USAID/Ayiti envite ou nan yon konsiltasyon sou patisipasyon sivil jèn yo

Dapre rapò 2016 sou Endis mondyal sou devlopman jèn yo, Ayiti se youn nan 3 peyi kote endis devlopman jèn yo bese pi plis ant 2010 ak 2015. Sa vle di kondisyon jèn Ayisyen yo vin pi grav toujou ak plis chomaj, mwens sèvis sante, ledikasyon ak lòt sèvis de baz yo. Se pousa, jèn yo vin dezangaje e yo pa tande vwa yo nan pwosesus politik yo.

USAID te konsilte plizyè dirijan sosyete sivil pou yon nouvo pwogram angajman sivil. Dirijan sa yo deklare gen yon gwo mank kilti demokratik, konsyans sivil ak enterè kolektif. Yo di tou anpil jèn ayisyen gen yon move opinyon sou politik la ak zafè piblik, ki lakòz yo derefize angaje nan aksyon sosyal ak piblik nan kominote yo. Pou eleksyon prezidan, senatè ak depite oktòb 2015 ak novanm 2016 yo, 78% ak 79% elektora ayisyen pat soti pou vote. Pa janm gen okèn politik piblik pou ede jèn yo, sa ki fè yo plis pa enterese nan agajman sivil.

Nan mwa septanm – oktòb 2016, USAID/Ayiti te òganize yon etid sou la jenès la nan kad nouvo estrateji 2018-2023 a pou rive idantifye kijan nou kapab travay pi byen ak jèn yo. Pami premye rezilta etid sila a, nou remake: pa gen ase pwogram ak politik ki baze sou bonjan chif; pa gen ase posibilite pou jèn yo vreman enfliyanse desizyon politik yo, pa gen ase kowòdinasyon ak patenarya ant rezo jèn yo.

Jèn yo reprezante majorite popilasyon an, kidonk yo enpòtan anpil pou devlopman peyi a. Se pousa Biwo Gouvènans ak demokrasi USAID/Ayiti a ap envite tout moun ki ta enterese nan yon konsiltasyon sou kouman nou kapab ogmante angajman sivil ak kominotè la jenès la.

Enfòmasyon nou jwen nan konsiltasyon sila a pral ede nou konsewa yon nouvo pwogram sou angajman sivil.

USAID ap envite tout òganizasyon ki ta enterese patisipe nan konsiltasyon an pou yo reponn pa email pou pataje konsèy ak rekomandasyon yo sou kesyon sila yo :

1. Kisa ki motive ak kisa ki anpeche jèn yo jwe patisipasyon sivil yo?

2. Kisa ki pibon mwayen pou edike jèn yo sou dwa ak responsabilite sivik yo?
3. Kijan òganizasyon sosyete sivil yo ak asosyasyon kominotè yo kapab ede ogmante patisipasyon sivik sitwayen yo ?
4. Kijan gwoup jèn yo ta kapab travay ak gouvènman an ?
5. Kijan jèn yo kapab patisipe aktivman nan ede kominote yo vin mwen vilnerab e bese risk Katastwòf natirèl?

Tanpri voye repons ou bay Marva Butler, mbutler@usaid.gov, anvan 10 fevrye 2017.

Konsiltasyon sa sou angajman sivik la jenès la pral fèt vandredi 24 fevrye 2017 nan Hotel Karibe, Juvena 7, Petyonvil, depi 8è nan maten rive 3 :30 nan aprèmidi. W'ap jwenn ajenda pwovizwa nan lèt sa a.

Plas yo limite, kidonk **li obligatwa pou konfime prezans ou**. Tanpri voye non ou, non òganizasyon w lan, ak nimewo telefòn ou pa email anvan 10 fevrye. Tanpri pa voye plis pase 3 moun pou chak òganizasyon.

Salitasyon,

Marva Butler
Officier Contractant

USAID/Haïti

Konsiltasyon sou patisipasyon sivik jèn yo
Petyonvil, Ayiti
Vandredi, 24 Fevrye 2017

Ajenda Pwovizwa

8h00 am - 8h 25 am	Anrejistreman – Akèy
8h30 am - 8h45 am	Intwodiksyon
8h45 am - 8h55 am	Diskou USAID
9h00 am - 9h30 am	Prezantasyon rezilta etid sou la jenès la
9h 30 am – 9h45	Objektif ak metodoloji pou jounen an
9h50 am – 11h10 am	Deba sou yon tèm : Edikasyon sivik pou jèn yo
11h15 am – 11h 25 pm	Poz Kafe
11h30 am - 1h00 pm	Deba sou yon tèm: Jèn yo ak sosyete sivil la
1h00 pm – 1h45h00pm	Lunch
1h50 pm -3h10 pm	Deba sou yon tèm: Patisipasyon nan kominote a
3h10 pm -3h30 pm	Sesyon pou rezime / klotire jounen an